

# AVI POU DWA ANPLWAYE YO

Dapre Lwa Vil New York sou Kantite Tan Konje Maladi Peye (Lwa sou Konje Maladi Peye), sèten patwon dwe bay konje maladi pou anplwaye yo. Ale nan sitwèb [nyc.gov/PaidSickLeave](http://nyc.gov/PaidSickLeave) pou konnen ki anplwaye ki pwoteje nan lwa a.

Patwon ki gen senk (5) anplwaye oswa plis ki anboche pou travay plis pase 80 èdtan nan yon ane almannak nan Vil New York dwe bay konje maladi peye pou anplwaye yo. Patwon ki gen mwens pase senk (5) anplwaye dwe bay konje maladi ki pa peye.

Patwon ki gen youn oswa plis travayè lakay yo epi ki te anplwaye nan omwen yon ane epi k ap travay plis pase 80 èdtan nan yon ane almannak dwe bay konje maladi peye.

**Dapre lalwa, patwon ki dwe bay konje maladi dwe bay avi sa a alekri pou nouvo anplwaye yo lè yo kòmanse travay epi pou anplwaye ki la deja yo apati 1ye me 2014.**

## OU GEN YON DWA POU KONJE MALADI, EPI OU KAPAB ITILIZE KONJE MALADI OU POU SWEN AK TRETMAN OU OSWA YON MANM FANMI OU.

### KANTITE TAN KONJE MALADI:

- Patwon ou dwe bay apeprè 40 èdtan konje maladi chak ane almannak. Ane almannak patwon ou se:

Kòmansman Ane Almanak la: \_\_\_\_\_ Fen Ane Almanak la: \_\_\_\_\_

- Travayè nan kay:** Patwon ou dwe ba ou de (2) jou konje maladi peye anplis twa (3) jou repo peye ou gen dwa pou jwenn anba [Lwa Travay Eta New York](http://Lwa Travay Eta New York). Ale nan sitwèb [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov) epi chèche “Domestic Workers’ Bill of Rights” (Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay) pou jwenn plis enfòmasyon.

### RITM AKIMILASYON:

- Ou akimile konje maladi ou nan ritm inèdtan chak 30 èdtan ou travay, jiska yon maksimòm 40 èdtan konje maladi pou chak ane almannak.
- Travayè nan kay:** Ou dwe te travay pou menm patwon an pandan omwen yon ane pou touche de (2) jou konje maladi anba lwa Vil la. DCA ap bay oryantasyon sou ritm akimilasyon an nan sitwèb [nyc.gov/PaidSickLeave](http://nyc.gov/PaidSickLeave).

### DAT AKIMILASYON AN KÒMANSE:

Ou kòmanse akimile konje maladi nan dat 1ye avril 2014 oswa nan premye jou travay ou, kèlkeswa sa ki pi ta a.

*Eksepsyon:* Si ou pwoteje nan yon akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè ki anvigè apati 1ye avril 2014, ou kòmanse akimile konje maladi anba lwa Vil la apati dat akò a fini.

### DAT KONJE MALADI A DISPONIB POU ITILIZE:

- Ou kapab kòmanse itilize konje maladi nan dat 30 jiyè 2014 oswa 120 jou apre ou kòmanse travay ou, kèlkeswa sa ki pi ta a.
- Travayè nan kay:** DCA ap bay oryantasyon sou lè konje maladi a disponib pou itilize nan sitwèb [nyc.gov/PaidSickLeave](http://nyc.gov/PaidSickLeave).

### REZON KI AKSEPTAB POU ITILIZE KONJE MALADI:

Ou kapab itilize konje maladi a lè:

- Ou gen yon maladi mantal oswa yon maladi fizik, yon chòk, oswa yon pwoblèm medikal; ou bezwen jwenn yon dyagnostik medikal, swen sante, oswa tretman pou maladi mantal ou oswa maladi fizik ou, chòk ou, oswa pwoblèm medikal ou; ou bezwen jwenn swen sante pou prekosyon.
- Ou dwe ap okipe yon manm fanmi ou ki bezwen dyagnostik medikal, swen sante oswa tretman pou yon maladi mantal oswa fizik, chòk, oswa pwoblèm medikal, oswa ki bezwen swen medikal pou prekosyon.
- Biznis patwon ou fèmen akòz yon ijans nan sante piblik oswa ou bezwen pran swen yon timoun ki gen lekòl oswa founisè sèvis gadri ki fèmen akòz yon ijans nan sante piblik.

## MANM FANMI YO:

Lalwa rekonèt moun sa yo kòm manm fanmi:

- Timoun
- Pitit-pitit
- Mari/Madanm
- Patnè nan kay
- Paran
- Granparan
- Timoun oswa paran yon madanm/mari anplwaye oswa patnè nan kay
- Frè ak sè (ansanm ak demi-frè/sè, timoun adoptif oswa bòfrè/bèlsè)

## PREYAVI:

Si bezwen an kapab prevwa, patwon ou kapab egzije pou bay li yon preyavi sèt (7) jou pou fè li konnen entansyon ou pou itilize konje maladi a. Si bezwen an pa kapab prevwa, patwon ou ka egzije ou pou bay li avi a imedyatman ou kapab fè sa.

## DOKIMAN YO:

Patwon ou kapab egzije dokiman yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans bay si ou itilize plis pase twa (3) jou travay youn-apre-lòt kòm konje maladi. Lwa sou Konje Maladi Peye entèdi patwon yo pou yo egzije pwofesyonèl swen sante presize rezon medikal pou konje maladi a. Divilgasyon enfòmasyon sa a ka obligatwa dapre kèk lòt lwa.

## KONJE MALADI KI PA ITILIZE:

Ou kapab transfere apeprè 40 èdtan konje maladi ou pa itilize sou pwochen ane almannak la. Men, patwon ou gen obligasyon sèlman pou kite ou itilize jiska 40 èdtan konje maladi pou chak ane almannak.

## OU GEN YON DWA POU PA JWENN VANJANS PATWON OU POUTÈT OU ITILIZE KONJE MALADI OU.

Patwon ou pa kapab fè vanjans kont ou poutèt ou:

- Mande epi itilize konje maladi ou.
- Fè yon plent ba DCA pou vyolasyon lalwa ou kwè ki fèt.
- Kominike avèk nenpòt moun, tankou kamarad travay, sou nenpòt vyolasyon lalwa.
- Patisipe nan yon pwosedi tribinal konsènan yon vyolasyon lalwa ou kwè ki fèt.
- Fè yon lòt moun konnen dwa posib li genyen yo.

Vanjans gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, desann grad, sispansyon, oswa rediksyon nan kantite èdtan, oswa nenpòt lòt aksyon negatif nan travay kont ou poutèt ou egzèse oswa eseye egzèse nenpòt dwa ki garanti anba lalwa.

## OU GEN YON DWA POU FÈ YON PLENT.

Ou kapab fè yon plent nan DCA. Pou jwenn fòm plent lan, ale sou entènèt nan sitwèb [nyc.gov/PaidSickLeave](https://nyc.gov/PaidSickLeave) oswa kontakte **311** (212-NEW-YORK si ou deyò Vil New York).

DCA ap fè yon ankèt sou sa epi y ap eseye fè abitraj sou plent ou. DCA ap kenbe idantite ou an sekre sof divilgasyon enfòmasyon yo nesesè pou fè ankèt la, pou fè abitraj sou plent lan, oswa obligatwa dapre lalwa.

**Konsève yon kopi avi sa a ak tout dokiman ki montre kantite tan konje maladi ak akimilasyon konje maladi a ak itilizasyon li.**

**Nòt: Lwa sou Kantite Tan Konje Maladi Peye fikse kondisyon minimòm pou konje maladi. Règleman konje patwon ou ka deja satisfè oswa depase kondisyon lalwa.**

Ou yon dwa pou resevwa avi sa a nan lang Anglè epi, si li disponib nan sitwèb DCA, pou resevwa li nan lang natifnatal ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ansanm ak Kesyon Moun Poze Souvan, ale nan sitwèb [nyc.gov/PaidSickLeave](https://nyc.gov/PaidSickLeave) oswa rele **311** epi mande enfòmasyon sou Konje Maladi Peye.



Bill de Blasio  
Mayor

Consumer  
Affairs

Lorelei Salas  
Commissioner